correctpay

Fòmilè Depo pou Manda Postal

Depo pou Prizonnye

Sa ou dwe konnen anvan ou voye yon peman.

Non ou dwe sou Lis Vizitè Apwouve Bennefisyè a (Approved Visitors List), pou w kapab voye yon peman ba li. Pou mande mete non ou sou Lis Vizitè Apwouve a, tanpri swiv direktiv pi ba la yo:

1. Ale nan adrès Florida Department of Corrections Homepage la (fdc.myflorida.com).
2. Chwazi "Visiting Information" (Enfòmasyon pou Vizit.
3. Telechaje, epi ekri enfòmasyon yo mande nan Fòmilè Aplikasyon pou Vizit la (Visitation Application Form).
4. Voye fòmilè a nan lapòs oswa nan kourye elektronnik bay Depatman Klasifikasyon an (Classification Department) nan kote benefisyè a ye kounye a.

Si yo aksepte w, ou pral yon visitè apwouve pou bennefisyè a, epi y ap mete non ou sou lis la. Ou dwe ekri yon repons nan tout espas yo kite pou sa nan fòmilè depo ou resevwa la a, avèk repons yo byen lizib, pou pa gen reta nan okipe fè peman an. Pa voye kach. Pa voye okenn lèt ni okenn nòt avèk peman ou, paske yo pral jete yo. Gade si non bennefisyè a ak nimewo DC li byen ekri nan fòmilè depo a.

Ou pa pral peye anyen pou voye lajan nan yon manda postal, yon chèk labank, oswa yon manda labank sètifye. Nou ka refize aksepte peman ou voye a si (1) ou pa yon vizitè apwouve pou bennefisyè a, (2) ou pa voye tou yon kopi valid idantifikasyon ou (lisans chofè, idantifikasyon Eta, oswa paspò), (3) ou pa voye adrès postal oswa adrès elektwonnik ou, oubyen (4) valè peman an depase limit ki otorize pou kalite peman sa a. Si nou pa aksepte peman ou voye a, n ap retounen lajan an nan adrès ou bay nan fòmilè depo a. Ou kapab depoze lajan tou nan kont bennefisyè a avèk yon aplikasyon mobil, oswa yon sit entènèt, oswa nan nimewo telefòn gratis la.

Ou ka jwenn deklarasyon sou konfidansyalite ki esplike kouman yo pran ak sèvi avèk enfòmasyon ou pandan w ap sèvi avèk sèvis CorrectPay yo, ak akò itilizatè final CorrectPay a nan adrès ki anba paj entènèt www.correctpay.com la. Pou kesyon oswa pwoblèm avèk fòmilè depo sa a, ou mèt rele nimewo (855) 836-3364. Pou plis enfòmasyon sou Transmetè Lisans ak Pataj Enfòmasyon, Notifikasyon pou Itilizatè (Transmitter Licenses & Disclosures, Consumer Notices), oubyen sou kesyon oswa pwoblèm anrapò avèk transfè lajan yo fè avèk NIC Services, LLC (Sèvis Peman NIC nan Hawaii, New Jersey ak Wisconsin) dba Tyler Payments Services, ki se yon afilye VendEngine, Inc., rele nimewo (888) 853-0663, oswa ale nan adrès www.correctpay.com.

Nou pa responsab pou manda postal, chèk labank, oswa manda labank sètifye ki pèdi nan lapòs oubyen nenpòt jan pandan transfè, oubyen ki pa rive nan men moun ki te dwe resevwa yo, pou rezon ki pa sou kontwòl nou. Si depo ou a retounen, oswa refize, oswa manke lajan, ou dakò pou nou rezève dwa evalye yon tarif, ak chèche touche lajan an, ak limite depo nan lavni, ak/oswa chèche lòt reparasyon ki posib.

**Nou pa pral travay sou depo yo pandan jou fèt oswa nan wikenn. Tan livrezon an ap depann sou verifikasyon sou moun ki fè depo a.*

KOUMAN POU VOYE YON MANDA POSTAL, YON CHÈK LABANK, OSWA YON MANDA LABANK SÈTIFYE

1. **Ekri enfòmasyon yo mande nan Fòmilè Depo** pou Manda Postal ki anba la a avèk lank ble oubyen nwa, oswa tape enfòmasyon yo.
2. **Ekri manda postal la, oswa chèk labank lan, oswa manda labank sètifye a sou non CorrectPay.** Ou mèt ekri non ak nimewo ID prisonnye a sou liy "memo" oswa "Sèvi pou" a. Nou konseye ou sèvi avèk manda postal U.S. Postal yo.
3. **Mete manda postal, chèk labank, oswa manda labank sètifye a, ansanm ak fòmilè depo a nan yon anvlòp, avèk yon kopi valid idantifikasyon ou.** Fè yon kopi fòmilè sa a, pou w kenbe kòm resi..
4. **Voye nan lapòs nan adrès sa a:**
   FL DOC Inmate Deposits
   PO Box 25900 Bradenton FL 34206-5900.

Fòmilè Depo pou Manda Postal

REPONN NAN TOUT KOTE YO MANDE ENFÒMASYON YO

Depo pou Prizonnye

Dat Jodi a (Jou/Mwa/Lane)

Voye nan lapòs nan adrès sa a: FL DOC Inmate Deposits PO Box 25900 Bradenton FL 34206-5900

Valè Peman an

$.

Nimewo DC Prizonnye a

Eta kote bennefisyè a ye

F L

Dat Nesans ou (Jou/Mwa/Lane)

Maksimòm $999.99 pou manda postal, ak $3,000 pou chèk labank oswa manda labank sètifye

Nimewo Manda postal, Chèk labank, oswa Manda labank sètifye *Sa a dwe sèvi kòm resi ou*

Non konplè Prizonnye a (Non fanmi, Prenon)

Lokal (kote Bennefisyè a ye kounye a)

Adrès elektwonnik* ou (*Fakiltatif - Moun k ap voye Peman an)

Nimewo telefòn ou (Moun k ap voye Peman an)

- -

Prenon ou (Moun k ap voye Peman an)

Inisyal nan mitan ou

Non fanmi ou (Moun k ap voye Peman an)

Adrès ou (Moun k ap voye Peman an)

Vil kote ou rete (Moun k ap voye Peman an)

Eta kote ou rete

Kòd postal ou